

**ФИДБИЛИЗ ДУАРБÆЛ НÆ ФÆРСУЙ – ЦÆУЙНАГ ДÆМÆ КУ УА, УÆД ДÆБÆЛ БАРÆ-ÆНÆБАРИ ДÆР ÆРЦÆУДЗÆНÆЙ!..**

*Алигьери ДАНТЕ (1265-1321), италиаг поэт: «Æрдзæ нин ци фадуæттæ исаразта, уони фæрци æ фиди надбæл ка рацудæй, еци фурт æй хъæбæр растауйнаг. Адæми муггаг æнцæ арви цæуæт. Уомæ гæсгæ ба адæм тæккæ хуæздæр уавæри фæуунцæ, се 'рдзон равналæнтæмæ гæсгæ сæ цардиуагæ аразгæй, арви хуæрзменеугутæ ку фæффæнзунцæ, уæд...»*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№14 (1030) 2026 анзи 18 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман

**АДÆМИ ЗÆРДИХАРÆ ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ ДÆР НÆ НИДÆНДÆР КÆНУЙ...**

## НÆ ИН ЕС ФЕРОНХГÆНÆН... НÆ ИН ЕС НИХХАТИРГÆНÆН...




Рæстæгутæ кæрæдзей æййевдзæнæнцæ, фæлтæрти фæсте нæуæг фæлтæртæ æнтæсдзæнæнцæ, уæддæр нæ дзиллæн зæрдæбæлдаруйнаг уодзæнæнцæ Устур Фидибæстон тугъди цаутæ æма хабæрттæ: æмбæрцæ си уодзæнæнцæ сæрустурдзийнадæ дæр æма зæрдихарæ дæр. Æма нæ Цитгин Уæлахези Бон 9 майи, имисæн зæрдхъурми Бон 22 июни куд фæббæрæг кæнæн, уотæ 2021 анзæй фæстæмæ Уæрæсей 19 апърели бæрæггонд цæуй Устур Фидибæстон тугъди æнзти советон адæми геноциди имисунæн еумæйаг архæйдтити Бон. Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 2-аг, 4-5-аг фæрстæбæл.

**УОДВАРНÆ АРФИАГ ГЪУДДÆГУТÆЙ РАБÆРÆГ УЙ...**

## НÆ СÆРТÆЙ ДИН НИЛЛÆГ КОВÆН, ÆФСÆДДОНИ МАДÆ!..




Сауæнгæ недзамантæй ардæмæ а дуйнеские медастæу ес æнæбафедаугæ хæрандзийнадæ, уæд тæккæ фиццагидæр мади зæрдæ æма тугъд æндзаргути 'хсæн. Мадæ æ уодæй уод фæккæнуй æ фурт исгъомбæл кæнунбæл æма ин ку рабайлæгъ уй, уæдта ин æй æнæхайири тугъд бастъæлуй, додоййаг ин фестун кæнуй æ цард... Хæзнидонæй рацæуæг зундгонд лæгтæй еу, Хъамболти Марат сауæнгæ æ сабийдогæй фæстæмæ уидта, æ хеуæнттæй дæр æма гъæубæсти дæр цæйбæрцæбæл зæрдрист æнцæ, Устур Фидибæстон тугъди будуртæй сæ фидиуæзæгбæл ка нæбал исæмбалдæй, еци мадтæлтæ, беретæ си сæ фурттæмæ, кæдимайди ба фæззиннидæ, зæгъгæ, æнгъæлмæ кæсгæй банæхстæр æнцæ се 'носон дуйнемæ...

Фæстæдæр, федералон хецаудзийнади бæрзонд бунæтти косгæй, æма нæ бæсти алли рауæнти уогæй æй уидта, Уæрæсей цæйбæрцæбæл æгæрон берæ 'нцæ сæ тугъдонтæмæ æнгъæлмæкæсæг зæрдрист мадтæлтæ.

Ка 'й зонуй, уæд имæ фæззиндтæй еци мадтæлтæн номерæн циртдзæвæн æ райгурæн Хæзнидони ниввæруни фæндæ дæр. Æма ин еци арфиаг гъуддаг исаразун бантæстæй. Циртдзæвæн æвæрд ци фæзуати æй, е абони иссæй цитгийнаг рауæн. Арæзт си цæуй аллихузон кадгин мадзæлттæ. Уонæй еу – аййевадон литературон уадзимистæ кæсгути аллианзон республикон конкурс «Нæ сæртæй ниллæг раковæн æфсæддони Мадæн...» Арæзт æрцæуудзæнæй аци анз дæр. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 8-аг фарсбæл.

**ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ**



### БÆРÆГГÆНÆНТÆ ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆ РАУАДÆНЦÆ...

Уæхæн хатдзæгмæ 'рцудæнцæ, Уæрæсей Хецауади сæрдари хуæдæййевæг **Дмитрий Чернышенкой** разамундæй æрæги туризми райрæзти хецауадон къамисæн ци æмбурд адтæй, уоми. Архайдтонцæ си федералон министрадтæ æма ведомствити бæрнондæр разамонгутæ, видеобастдзийнади фæрци ба – Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**.

Æ радзубандий Дмитрий Чернышенко бæлвурд бæрæггæнæнтæй исаргъ кодта, национ проект «Туризм æма иуазæгуарзондзийнадæ» куд æнхæстгонд цæуй, уомæн.

Дзанайти Барис ба æ радзубандий фегъосун кодта, Цæгат Иристони туризми æнтæстгин райрæзти туххæй ци бантæстæй исаразун, æма ма ци исаразуйнаг æнцæ идарддæр, уой туххæй.

Зæгъун гъæуй уой, æма аци гъуддаг Цæгат Иристони куд æнхæстгонд цæуй, уобæл æрæги дзубанди цудæй нæ республики Парламенти хъæппæресæй арæзт парламентон байгъуститi дæр. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.



### ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆ ДÆСНИЙАДÆ РАВЗАРÆ!..

Федералон проект «Профессионалитет»-и еугур еугæндти дæр 18 апърел исуодзæнæй, «Игон дуæрттæ», зæгъгæ, мадзали бон. Нæ бæсти скъолати хестæр къæлести ка ахур кæнуй, еци 970 мин скъоладзауи æма сæ ниййергутæ 'рбацæуудзæнæнцæ колледжтæ æма кустуæттæмæ. Уотемæй, æригæнттæн фадуат уодзæнæй равзарунæн аккаг дæснийæдти хæццæ комкоммæ базонгæ унæн, сæхе цæститæй фæууиндзæнæнцæ нуриккон æрмадзтæ, фембæлдзæнæнцæ кустдæттæг компанити минæвæртти хæццæ.

«Профессионалитет»: в хорошей компании!», зæгъгæ, скъолати сæрмагондæй арæзт уроктi рæстæг скъоладзаутæ фембæлдзæнæнцæ колледжтæ æма техникумти студентти хæццæ.

Медесгун æма гъæугæ дæснийадæ равзаруйнаг ка 'й, етæ гъæуама ма базийнадæ кæнонцæ æма байархайуонцæ аци мадзали.

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Мартин Лютер КИНГ (1929-1968), америкаг æхсæнадон архайæг: «Дуйней æверхъаудзийнæдтæн сæ тæккæ бæлахдæр æй тугъд. Е æверхъау гъезæмæрттæ бавзарун кæнуй адæмæн, фехалуй дин, паддзахæдтæ, биййонти æвæлмонц цард. Цийфæнди æрдзон фидбилизтæй дæр æбуалгъдæр миуæ ’й, е...»*

## ÆВЕРХЪАУДЗИЙНАДÆ КА АРАЗУЙ, Е ЦЪАМАРÆЙ-ЦЪАМАРДÆР ÆЙ ÆМА ÆНОСТÆМÆ ÆЛГЪИСТАГ ФÆУУЙ...




**ГАСАНТИ æдзард æнсувæртæ Ханафи æма Омарби**

**Цæгат Иристони зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ кæд берæ рæстæг нæ фæцæнцæ, уæддæр си берæ фудмиутæ исаразтонцæ. Адæмæн сæ есбонбæл хæлæф кодтонцæ, сæхебæл дæр син нæ аурстонцæ, цæгъдуни сæ кодтонцæ, кæстæр-хестæр не ’взаргæй. Гъеуотæ æверхъауæй рамардтонцæ Гасанти Ханафи æма Омарбийи, дууæ цардбæллон æнсувæрей... Сæ мадæ Дзафи æ цæргæ-цæрæнбæнтти еци зæрдристæй фæхъхъонц кодта, Чиколай син ци номерæн циртдзæвæн æвæрд æрцудæй, уой рази хъонцгæнгæй æ бæнттæ æрвиста... Æма еци зæрдрист мади тæрегъæдтæй, уотæ бафæрсуйнаг ан: «Куд ес уой феронхгæнæн, куд ес уой ниххатиргæнæн?» Æма федарæй зæгъæн:**




**ГАСАНТИ Дзафи е ’дзард фурттæн кæддæр Чиколай ци циртдзæвæн æвæрд æрцудæй, уой рази.**

# НÆ ИН ЕС ФЕРОНХГÆНÆН... НÆ ИН ЕС НИХХАТИРГÆНÆН...

***1943 анзи тæккæ райдайæни, немуцаг оккупанттæ Иристонæй тард куддæр æрцудæнцæ, уотæ ЕКП(б) Цæгат Иристони обком æма Владикавкази Гъæуайкæнуйнадон комитети номæй арæзт æрцудæй сæрмагонд къамистæ финсгутæ, хузæгæнгутæ æма иннæ æхсæнадон организацити минæвæрттæй, етæ бæрæг кодтонцæ фашистон æфсæдти фудмиутæ Цæгат Иристони. Гитлеронти æбуалгъ миути туххæй ци берæ æрмæг æмбурдгонд æрцудæй, етæ ’нцæ нæ республики архивти. Ирæфи районы ци къамис архайдта, уой иуонгтæй еу адтæй финсæг БЕСАТИ Тазе дæр. Е уæди рæстæги ци документалон æрмæг ниффинста, уонæй цалдæр мухур кæнæн абони номери. Документтæ исистан Цæгат Иристони наукон-æртасæн институти архивæй.***

## КУД ФЕХСТОНЦÆ ФАШИСТТÆ ГАСАНТИ БИЦЦЕУТИ

Нæ зонун, ци хузи дзурдтæй зæгъон мади æгæрон уæззау гъигæ – е скъоладзау-сувæллæнтти, æ хъазар минкъий бæдæлтти фашисттæ æ цæсти рази кæмæн фехстонцæ, еци ниййерæги зæрди рист. Æгъатир сирдтæ! Зæнхæ сæ æ уæле куд уорамуй? Арв уæ куд не ’рцæвуй? Гæрр, ескæд феронх уодзæнæнцæ уæ гъæддаг миутæ?..

Мадæн зин æй æ бæдæлттæ Ханафи æма Омарбийи туххæй дзорун. Фашисттæ гъезæмарæй мардтонцæ мадæн æхе дæр. Гъе уæдта ниййерæги æгасæй ниууагътонцæ, сабийти ба фехстонцæ... Цæмæн ма ’й ниууагътонцæ æгасæй? Æвæдзи, уомæн, цæмæй ин карздæр маст æ зæрди уедæгтæ хъæбæрдæр æхсина: цæмæй ин мæлæтæй зиндæр уа...

Тæрегъæддаг рацæргæ силгоймаг – сувæллæнтти мадæ Гасанти Дзафи æхе хузæн нæбал æй. Æ хузæ бустæгидæр раййивта, æ фудхуз æма фæлорс цæсгонбæл сауæдæнттæй уайунцæ цæстисугтæ, устур гъигæдзийнади дзурдтæ туххæйти хаунцæ æ цъухæй, æ хъури фæббадунцæ... Цалдæр хатти æнамонд мадæн æ зæрдæ багъар æй. Дон ин бадарунцæ æ цъухмæ... Мадæн æ зæронд мадæ нифситæ æвæруй:

– Е куд æй, мæ хор, дæхебæл фæххуæцæ! Мастæн æ хуæздæр хуасæ – федар лæуун!

Æма бабæй Дзафи æ дзубанди идарддæр кæнуй. Дзоруй махæн æ хабæрттæ. Махмæ еуæй-еу хатт уотæ фæккæсуй, цума си æвеппайди æрбайронх æй, кæми æма ци рауæн æй, е, кæмæн дзоруй æма имæ ка игъосуй, е. Æ цæститæ урух байгон кæнуй, къехæй райзайуй æма æгъатир мастæй исодзунцæ æ цæститæ, исæхседуй æ зæрдæ. Раст, цума, седуй еугур дуйнемæ еци лæгмарти нихмæ – сувæллæнтти æма зæрæндти ка цæгъдуй, адæймаги ном ка цъумур кæнуй, уони нихмæ...

– О, ме ’намонд сæр... Мæ сау бонтæ!.. Сумах мин бахатир кæнетæ мæ лæмæгъдзийнадæ. Зин мин æй дзорун уони туххæй.

– Гъо, зин дин æй, мадæ! Фал... Уадзæ æма зононцæ адæмтæ сæ еугур дæр – ка ’нцæ фашистон лæгмартæ! Уадзæ, æма федæни ка цæра, уонæмæ дæр фегъуса дæ кæун, дæ сабийти æхсаргин мæлæти кой...

– Куд уин загътон, уотæ немуц нин нæ гъæу ку байстонцæ, уæд æз мæ сабийти хæццæ ами байзадтæн. Мæ хестæр дууæ биццеуи Сурх Æфсади ’нцæ. Ами ба мæ хæццæ мæ дууæ æнагъом сабийи – Ханафи æма Омарби. Хестæрбæл цудæй æртиндæс анзи, кæстæрбæл – дууадæс... Æз бæргæ архайдтон уони гъæунгæмæ нæ уадзунбæл. Фал сæбæл се ’намонддзийнадæ, æвæдзи, фæхъхъаурæгиндæр æй. Мæ бон сæ нæ адтæй бауорамун. Ханафи адтæй æдæрсгæ, æхсаргин. Е немуцаг æфсадæй æ исæфт уидта, кастæй сæмæ æнæуинон цæстæй. Кастæй сæмæ æма син сæ фудмиутæ уидта – куд давтонцæ адæми мулк, куд гириз кодтонцæ гъæуи ма ци зæронд лæгтæ æма зæронд уоститæ байзадæй, уонæй. Еуæй-еу хатт сæмæ нивзедидæ, еу афицер си уæлдæй цъамардæр æй, æма ин æз гъæуама æ аккаг фæууон. Æз ин бæргæ дзурдтон, фал кæми! – еуминкъий фæгъгъос æй Дзафи. Цæстисугтæ тумбул къохæй расæрфта æма бабæй идарддæр дзоруй:

– Кæстæр биццеу Омарби... О, мæ сау бонтæ... Сæ хæццæ мæ цæмæннæ райста мæлæт... Омарби ба адтæй бустæги æндæр хузи. Сабур, хатиргæнагæ. Немуцæй мин хъæбæр тарстæй æма мæ еунæгæй некæд ниууагъта. Хъæбæр тарстæй хестæри зуст дзурдæй дæр. Æхецæн нæ, фал Ханафийæн тарстæй: ести ку бакæна æма фидбилизи ку бахауа. Цæмæй зудтон уæд æз, кæстæр ин æхуæдæг дæр агъаз кодта, уой.

Ме ’намондæн, Ханафи кæцæйдæр фæххуæст æй хуæцæнгарзбæл. Фæндзæхстонбæл. Æма си фехститæ кодта. Ке? Куд? Уомæн æз неци базудтон уæд.

Ханафийи циуавæрдæр афицер бауорамунмæ гъавта, фал биццеу ралигъдæй æма æхе баримахста. Еци хабар мæнæн радзурдта Омарби. Минкъий ма мæ багъудæй зæрддзæф фæуунмæ. Мæ тухæ расастæй, мæ къæхтæ фæддон æнцæ. Фал ма мæ гъостæбæл уадæнцæ Омарбийи дзурдтæ:

– Ханафи немуцæгтæй еуей фехста! Ралигъдæй, агорунцæ ’й. Ку ибæл фæххуæст уонцæ, уæд æй, æнæмæнгæ, фехсдзæнæнцæ. Фæстæмæ ралигъдæй. Æ фæсте ма рауайунмæ гъавтон, фал ма ’й кæми раййафтайнæ!

Омарбийи немуцæгтæн кадæр байамудта. Е, дан, ка ралигъдæй, еци биццеуи кæстæр æнсувæр æй. Æма ’й æрахæстонцæ. Немуцæгтæ Омарбийи надтонцæ, гъезæмарæй æй мардтонцæ, байамонæ нин, де ’нсувæр кæми æй, уой, зæгъгæ.

Уалинмæ æрахæстонцæ мæнæн мæхе дæр. Бакодтонцæ нæ ахæстдони. Уоми цитæ æвзарун кодтонцæ, етæ зин дзорæн æнцæ. Ханафимæ кæцæйдæр фегъустæй, мах ке æрахæстонцæ, е. Æма уæд æхуæдæг æхе къахæй æрбацудæй. Мæгур æ бон, уомæй уотæ мах ба исуæгъдæ кæндзæнæнцæ, фудгин сæ къохи ку бафтуйа, уæд. Фал фæррæдудæй... Мах не ’ртей дæр еумæ бакодтонцæ еу камери. Æхсæвæ нæбæл кутемæй райевгъудæй, уой ка зæгъдзæнæй. Сæумæй ба нæ æхгæд машинæмæ багæлстонцæ...

Цæмæй зудтан, кумæ нæ ласунцæ... Ци нин кæнунцæ! Шоферæй уæлдай ма машини адтæнцæ гъæуайгæнгутæ автоматти хæццæ. Зæронд Лескенмæ ку бахæстæг ан, уæд машинæ бауорæдтонцæ. Мæн машинæй рагæлстонцæ. Æз æнгъæл адтæн, уони дæр рахезун кæндзæнæнцæ, зæгъгæ, фал нæ. Дуар сæбæл бахгæдтонцæ. Æз мæ уæраги сæртæбæл æрхаудтæн. Курдтон си, рахезун сæ кæнетæ, кенæ мæн дæр сæ хæццæ ласетæ, зæгъгæ. Фал кæми? Уæхæн лæгмартæ цæмæй лæдæрунцæ мади зин. Исдзурдтонцæ мæмæ:

– Мах ани нуртæккæ фехсдзинан!.. Ду цийнæ кæнæ, æгасæй дæ ке уадзæн...

Гъо, неци адтæй уонæмæ адæймаги тогæй!.. Тæрегъæд фæккæнуни бæсти ма мæмæ гъазæн дзурдтæ гæлстонцæ: ма син тæрсæ. Мах сæ немуцагау исахур кæндзинан... Цæмæй син тæрсис – мах сæ нуртæккæ рагæрах кæндзинан. Уæд мин сæ къохæй амудтонцæ, гиризгæнгæй, уæдта уруссагау цъæрæмухститæй лæдæрун кодтонцæ.

Фæлластонцæ мин мæ бæдæлтти æма сæ фехстонцæ. Сæ мæрдтæ син иссирдтонцæ инсæй боней фæсте. Уони рæстæгмæ байвардта кæсгон гъонгæс... Уой фæсте сæ æрбаластан нæхемæ.

Мадæ нæмæ сæ хæдæнттæ равдиста. Автоматæй сæ кæми фехстонцæ, еци хæдæнттæ. Зин банимайæн æнцæ хæдæнтти цъæсгитæ, автомати нæмугдзæфтæ... Мадæн бабæй нæуæгæй фемæхстæнцæ æ цæстисугтæ:

– Ниххатир мин кæнетæ мæ лæмæгъдзийнадæ, – хатир бабæй коруй махæй. – Адзалæй рамæлун неци кæнуй. Уомæй тæрсун нæ гъæуй. Фал мæ хъазар сабийтæ мæнæн... Уогæ ба, цитæ бавзурстон, цæйбæрцæ зинтæн ниббухстæн... Куд ма фæразун, куд!.. Уони æгасей ке бон бауодзæнæй радзорун.

Мади устур гъигæ мах дæр гъиги бафтудта. Мæтъæл ан, æгæрон мæтъæл. Фал ке бон æй уæддæр ниййерæги уæхæн гъигæдзийнадæ радех кæнун!..

*1943 анзи 2 апърел.*
*Ирæфи район, Чикола.*

## «ФÆЙЙЕРВАЗТАН ЛÆГЪУЗ АДÆМИ-ТУХГÆНГУТИ МИУТÆЙ...»

***Дзоруй МЕДОЙТИ Бола:***

– Æз, мæ хор, цуппаринсæй анзи цæрун аци дуйнебæл. Фал некæдма фæууидтон уæхæн цъумур адæм, уæхæн гъæддаг миутæ... Зæронд æма къуру дæн. Мæ гъоси мин гъæрæй фæдздзорунцæ. Æз сæ нæ фегъосун. Уотæ мæмæ фæккæсуй, цума мæ етæ дæр нæ фегъосунцæ. Гъе уомæ гæсгæ гъæрæй дзордзæнæн дæ хæццæ. Уомæй уæлдай ма æз сæйгæ лæг дæн. Нез хъаурæгиндæр æй адæймагæй. Гъеуотæ, мæ хор. Ду мин зæгъай – сæйгæн, зæрондæн ка некæд хатир кæнуй, адæймаги адæймагбæл ка нæ нимайа, уомæй гъæддаг сирдæй ести уæлдай ес? Уогæ сирд уонæй берæ æгъдаугиндæр æй. Знаги æрдонгтæ нин нæ гъæу ку байстонцæ, уæд æз нæ фæллигъдтæн.

4

**Номдзуд финсæг æма æхсæнадон архайæг Цæголти Михаили фурт Геуæргий райгурдбæл 22 апърели æнхæст кæнуй финддæс æма авдинсæй анзи (1871-1939).**

ИУАЗÆГУАРЗОН ФУСУН Æ КЪÆСÆР АЛЛИ АНЗ ДÆР ÆЙЙЕВУЙ



# ИУАЗÆГ ÆМА ФУСУН – КÆРÆДЗЕМÆН ЗÆРДИРАЙ...

Рагæй-æрæгæмæ дæр нæ адæмæн æ цитгийнагдæр æгъдæуттæй еу адтæй иуазæгуарзондзийнадæ. Уой фæдбæл нин нæ рагфидтæлтæй берæ зæрдагайæн зæгъдтитæ дæр байзадæй. Уонæй кæцидæр испайда кæнуйнаг ан, куд нæ абони дзубандий дæлсæргæндтæ, уотæ. Мадта нæ фингутæй берети уадзимисти дæр уой фæдбæл цæуй кой…

## ИУАЗÆГИ АХИД ÆЙ ФУСУНИ БÆЛДÆ

Цæгат Иристон цийфæнди рæстæгути дæр иуазæгæй цох некæд адтæй. Уæлдайдæр ба советон доги – айдагъ нæхе бæсти нæ, фал дуйней алли рауæнтæй дæр нæмæ еци цæуæги цудæнцæ бæлццæнттæ – ка куд турист, ка ба æ ардигон зонгити агурдæй. Нуртæккæ рæстæгутæ уæхæн æнцæ, æма цæйдæрти фудæй нæмæ фæсарæнтæй кæд уоййасæбæл берæ цæуæг дзиллæ нæбал ес, уæддæр иуазæг цох ба нæ ан – фулдæр нæмæ цæун байдæдтонцæ нæ бæсти аллирдигитæй, фæууй нæмæ еуцæйбæрцæдæр фæсарæнтæй дæр. Цидæр æй, уæддæр гъæуама цæттæ уæн уони хузæнонæй исиуазæг кæнунмæ. Еци гъуддаг цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, æма имæ цæйбæрцæбæл устур æргом æздæхт цæуй, е бæлвурдæй æргомгонд æрцудæй æрæги парламентон байгъустити рæстæг. Мадзалæн разамунд лæвардта нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**.

Байгъустити рæстæг куд амунд æрцудæй, уотемæй евгъуд анзи туризми къабази ирæзтæн нæ республикæн радех кодтонцæ æвддæс æма инсæй миллион соми. Еци фæрæзнити фæрци арæзт ци ’рцудæй, уони нимæдзи: Дзæуæгигъæуи Сабурдзийнади проспект исаййев кодтонцæ рæсугъд цирæгътæй, исцалцæг кодтонцæ артобъект «Дзæуæгигъæуи картæ».

Парламентон байгъустити рæстæг дзубанди цудæй модулон арæзтæдтæн гранттæ райсунбæл. Евгъуд анзи курдиæттæ балæвардтонцæ фондз инвестори. Етæ объекттæ исаразтонцæ Мамисон æма Цъæййи кæмтти, уæдта Ирæфи райони. Уони фæрци фусунæтти фондбæл бафтудæй 266 бунати. Евгъуд анзи райдайæнæй Цæгат Иристони косуй туристон хъалон æма уой фæрци республики бюджетмæ æфтуйæггæгтæ бацудæй æхсæрдæс миллион сомей бæрцæ. Нимæдзтæй ку дзорæн, уæд дууæ анземæ миллион æма æрдæги бæрцæ туристтæ бабæрæг кодтонцæ Цæгат Иристон.

Цæгат Иристони экономикон ирæзти министри хуæдæййевæг **Хлойти Тамерлан** куд фегъосун кодта, уотемæй хæстæгдæр æнзти, сæ аргъ еу миллиард сомемæй фулдæр кæмæн æй, уæхæн фараст агъазиау инвестицион проектебæл куст ке цæудзæнæй. Цæстдард ес, цæмæй паддзахадон æхцатæ комкоммæ бæлвурд нисанти фæдбæл харзгонд цæуонцæ.

Туристон къабази райрæзтæн хъоргæнæг фарстати фæдбæл дзоргæй, Хлойи-фурт, зæгъæн, баханхæ кодта уой дæр, æма бæлццæнттæй саæнгæ дзиллондæр маршрутбæл нæ фагæ кæнуй инфраструктурæ, уæдта иуазгутæн хузæнон лæггадæ ка кæна, уæхæн специалисттæ. Æма æ загъдмæ гæсгæ, еугур еци гъуддæгутæ исаразунæн гъæуй сæрмагонд республикон программæ.

АХСГИАГ ГЪУДИ



**Тускъати Таймораз, Цæгат Иристони Парламенти Сæрдар:**

– Хецауади куст ахедгæ уæд фæууй, æма айдагъ æнтæститæбæл нæ, фал лухкæнуйнаг фарстатæбæл дзорунмæ æма сæ хузæнонæй æнхæст кæнунмæ цæттæ ку фæууй, уæд. Цæбæл бакосæн, е нин ес. Размæцудæн агъаз ка уодзæнæй, еци проекттæ райдайæн лæмбунæгдæр æвзарун æма сæ царди уадзун. Ци субсидитæ дæттуй паддзахадæ, уони нисан æй æнæййевгæ – экономики ирæзт, кусти нæуæг бунæттæ æма нæ республикæ архайунгъонæй æвдесун, куд гъæздуг культурон бунти центр, уотæ.

Туризми ирæзти сæ фæлтæрддзийнадæ æма сæ исонибони нисанти фæдбæл адтæй Дзæуæгигъæуи администраций сæргълæууæг **Милдзихти Вячеслави** радзубанди:

– Дууæ анземæ нæ сахар туристтæ исиуазæг кодта миллионæй фулдæр, æма Кавкази културон центри ном хæссуй сæрустурæй. Сахари зæрдæмæдзæугæдзийнадæбæл косгæй нæмæ фæззиндтæй тематикон трамвайтæ, Нарти кадæнгити хæццæ баст арт-объекттæ, игъæлдзæг æма цæмæдесаг фестивальтæ.

Сахари историон центри фæлгонцадæмæ уæлдай æргом æздæхт цæудзæнæй, уомæн радех кодтонцæ 110 миллион сомей бæрцæ, 37 миллион соми ба бахарз кæндзинан цалцæггænæн куститæ æма ’й аййев цирæгътæй исрæсугъд кæнунæн. Милдзихи-фурт ма куд загъта, уотемæй туристон хъалони ахедундзийнадæ бæлвурдæй фæббæрæг æй – евгъуд анзи бюджетмæ бацудæй 12,2 миллион соми. Аци анз ба гъæуама 20 миллион сомемæй минкъийдæр ма уа. Æнæмæнгæ, етæ хуæрзæрдæмæ фæззиндзæнæнцæ сахари фæлгонцадæбæл.

Мадзали рæстæг радзубандити ахид райгъусидæ уæхæн загъд, гъома, нæ иуазгути уæлдай деси æфтаунцæ нæ хуæнхбæсти æрдзон рæсугъддзийнадæ, нæ адæми иуазæгуарзондзийнадæ. Æма уомæй ба уотид сæрустур ма уæн, фал архайæн цæмæй уæхæн цæмæдесдзийнадæ агъазиаудæр кæнунæн уа никки ахедгæдæр равгитæ. Уой фæдбæл адтæй æ радзубанди Ирæфи райони сæргълæууæг **Хамихъоти Робертæн**. Куд загъта, уотемæй Дигоргом æхемæ туристти æлвасуй, æмбал кæмæн нæййес, уæхæн альпинистон æма экологон маршруттæй, историон циртдзæвæнтæй.

– Райони экономикæн æ размæгæнæг фæрæзнитæн сæ агъазиаудæртæй еу æй туризм. Уой зæрдæбæл даргæй, косунцæ, ци æхсæз турбази æма альпинистон лагери нæмæ ес, етæ. Ес си 384 бунати. Не ’ргом æздахæн агротуризми райрæзтмæ дæр, уой фæдбæл сæ проекттæ æнхæст кæнунæн нæмæ фондз фермерон хæдзаради райстонцæ сæрмагонд гранттæ, фæйнæ дæс миллион соми. Сæ нисан æй нæ республики иуазгути гъæууон цардиуаги хæццæ зонгæ кæнун, нæ хуæрзадæ хуæруйнæгтæй сæ хинцун. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма аци нæуæгдзийнади фæрци нæмæ кусти нæуæг бунæттæ дæр фулдæр фæззиндзæнæй. Туристон къабазæ цæмæй æнтæстгинæй ирæза, уомæн æнæмæнгæ гъæуй паддзахадон агъаз, гъæуй раздахун инвесторти æргом æма нæ иуазгутæн аккаг уавæртæ искæнун.

Профессионалон ахуради фарстатæбæл дзурдта паддзахадон университети экономикон факультети декан **Геннадий Родионов**.

Экскурсоводти ассоциаций президент **Вячеслав Санников** æргом раздахта уомæ, цæмæй, барæ кæмæ нæййес, æ зонундзийнæдтæ фагæ кæмæн нæ ’нцæ, еци аууони косæг гидти архайд бауорамæн, уæдта ма æвæстеуатæй уобæл дæр байархайун, цæмæй закъони бундорбæл бæлвурдгонд æрцæуа, традицион нисанеуæг кæмæн ес, еци бунæтти статус.

Байгъустити рæстæг дзубанди рауадæй берæвæрсуг – дзубанди си цудæй, зæгъæн, хуæдтæхæгмæ билетти æргъти, æнæзакъонæй косæг таксистти, санитарон бунæттæ æма хуæрæндæнттæ туристон маршруттæбæл ке нæ фагæ кæнуй, уони æма ма берæ æндæр сагъæссаг фарстати фæдбæл. Тускъати Таймораз æмбурди кæронбæттæни радзубанди кæнгæй, загъта уæхæн гъуди: гъæуй еумæйаг механизм туризми къабази ирæзтæн, кæд хецæн программитæ æнтæстгин æнцæ, уæддæр. Æма аци фарста гъæугæ хузи исæнхæст кæнунæн ба, æруагæс ни кæнуй, зингæ фæййагъаз уодзæнæй, парламентон байгъустити рæстæг ци медесгун дзубанди рауадæй, е дæр.

*ХÆМИЦАТИ Маринæ*

ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



*Еу лæг æ фуни фæуууидта, цума форди билгæрæнтти зменсæбæл цæуй, æ фарсмæ ба – Хуцау. Æма æ царди хабæрттæ уайтæккæ æ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ. Цийни бæнттæ ку æримисидæ, уæд æ рази февзуриуонцæ дууæ фæди. Фудонхи хабæрттæ ку рауайиуонцæ æ цæститæбæл, уæдта имæ еунæг фæд разиннидæ. Æрмæтъæл æй лæг æма Хуцауи фæрсуй:*

*– Уотæ ку дзурдтай, еунæгæй дæ нæ ниууадздзæнæн, зæгъгæ. Мадта уæд уотæ цæмæн рауадæй, мæ тæккæ тухстдæр – сагъæссагдæр рæстæг мæ фарсмæ цæмæннæ адтæ, еунæгæй мæ цæмæн ниууадзисæ – еу фæдæй æндæр ку нæ уидæ мæ фæсте?*

*Хуцау ин равардта уæхæн дзуапп:*

*– Еунæгæй дæ некæд ниууагътон. Надбæл еу фæдæй æндæр уомæн нæ уидæ, æма дæбæл бæлæхтæ, фудæвзарæнтæ ку ниггæр-гæр ласиуонцæ, уæд дæ мæ гъæбеси хæссинæ…*

* * *

Кæд æцæгæйдæр уотæ ’й, уæд уомæ уотæ нæ кæсуй, цума Хуцауæй цæмæдæр гæсгæ феронх æнцæ Уæрæсей хумæтæг дзиллæ? Æндæра, фæстаг дзамани нæбæл аллихузи фудæвзарæнтæ ехуардæй ке гæр-гæр кæнунцæ, уой Хуцау нæ уинуй? Цæмæннæ нæ ервæзун кæнуй уонæй? Æви е дæр æ фæндæй исæнтæст адæми рагъæвзарæнтæй дехтæ кæнуй: кедæрти æцæгæйдæр æ гъæбесмæ исесуй æма син алцидæр ес уæлдайгунтæй, адæмæн сæ фулдæрейфулдæр хай ба марамæлайи евгед изайунцæ?..



**Марк Тулий ЦИЦЕРОН, рагон ромаг политик, финсæг: «Уадзæ æма алкедæр æ ацъагъуитæ базонæд æма æхуæдæг карзæй тæрхон кæнæд æхецæн, æ аккагдзийнæдтæн æма аййепитæн…»**

* * *

Бæргæ-бæргæ, аци зундгин загъдмæ ку байгъосиуонцæ æма уотемæй сæхемæ ку ’ркæсиуонцæ, абони хецаудзийнади бæрзонд бунæттæ æрахæссунмæ кенæ депутаттæ исунмæ ка тундзуй, еци некетæ æма нецитæ, уæд æй, ка ’й зонуй, балæдæриуонцæ, æцæгæй ци ’нцæ уой, æма сæ хебæлæнвæрсундзийнадæ сæмæ фæннидæндæр уидæ… Фал – кунæг!..



**Федор ДОСТОЕВСКИЙ (1821-1881), финсæг: «Адæймаги медæгæ сæйрагдæр зунд нæй, фал – уодиконд, зæрдæ, характер кемæнтæ, раздзæуæг гъудитæ…»**

* * *

Еугур еци менеугутæй хайгин бæргæ ку уиуонцæ, абони нæ цардиуаги хабæрттæ кæмæй аразгæ ’нцæ, етæ. Сæ дзубандитæй зундгинти хузæн бæргæ фæззиннунцæ, фал сæмæ сæ миутæмæ гæсгæ ба зæрдерухдзийнадæй æгириддæр неци ес, уæдта сæ, æвæдзи, е уоййасæбæл гъæугæ дæр нæ кæнуй – хъоргæнæг син æй – сæ сагъæс айдагъдæр сæхе гъуддæгутæ аразунбæл æй...



**Артур КОНАН ДОЙЛ (1859-1930), англисаг финсæг: «Къанæуттæ еци-еу сауæдонæй бæргæ ралæдæрсунцæ, фал си еуетæ фæуунцæ рæсог, иннетæ ба – лæкъун...»**

* * *

Адæм дæр сауæдони хузæн æнцæ: ка си рантæсуй, еци адæймæгутæй еуетæ арфиаг менеугутæй хуæрзæнхæст фæуунцæ, иннетæ ба нецæййæгтæ рауайунцæ, сæ бийнонтæн дæр æма дзиллæн дæр мастхæссæг. Нæ рагфидтæлтæмæ уæхæн æгъдау адтæй: æ цардиуагæ хуæздæрмæ раййевунмæ зонгæ-зонгæй ка нæ аразидæ, уонæбæл бахъоди кæниуонцæ. Нур ба?.. Бавзарай уæхæнæн бауайдзæф кæнун – дæхуæдæг фудгини бунати равзурдзæнæ…

**Киунуги Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 23 апърели. Нæ зæрдæ дарæн уобæл, æма нæмæ бæрæггонд æрцæудзæнæй зæрдæмæдзæугæ мадзæлттæй.**

***Уильям ТЕККЕРЕЙ (1811-1863), финсæг: «Тугъд хъалон фæййесуй нæлгоймæгтæй дæр æма силгоймæгтæй дæр, æцæг еуетæй тог байагоруй, иннетæй ба – цæстисугтæ…» Уотæ ке æй, уой æнхæстæйæнхæстдæрæй сæхебæл бавзурстонцæ нæ адæм Устур Фидибæстон тугъди рæстæг, æвзарунцæ 'й абони дæр – зæрдристи цæстисугæй…***

**АДÆМÆН ФИДБИЛИЗГÆНÆГ ÆХУÆДÆГ КАРЗДÆР ФИДБИЛИЗИ АМÆТТАГ ИСУЙ…**





# НÆ ИН ЕС ФЕРОНХГÆНÆН… НÆ ИН ЕС НИХХАТИРГÆНÆН…

Кæд цæунгъон адтæн, уæддæр. Нецæмæй тарстæн. Æз нæ лæдæрдтæн адæймаг адæймагæй цæмæн гъæуама тæрса. Сувæллæнттæ мæ туххæй дæр сæ хæццæ зæнхи къæхтитæмæ кодтонцæ. Æз син нæ бакумдтон.

… Немуцæгтæ мæ хæдзарæй расурдтонцæ. Каутæ сугътонцæ, хæлæф кодтонцæ мулкбæл, истонцæ нин нæ фонс. Æз еу хатт минкъий фæрæт циргъ кодтон уæрми медæгæ. Уой размæ мин мæ дууæ фуси равгарстонцæ, бахуардтонцæ сæ. Мæстгун сæмæ ке адтæн, уой æрлæдæрдтæнцæ…

– Ци кæнис еци фæрæтæй? Æвæдзи си сæхецæн фæттарстæнцæ. Æз син цидæртæ дзорун, лæдæрун син кæнун. Корун си хатир. Етæ мæ нæмун райдæдтонцæ. Бакодтонцæ мæ сæ хестæри размæ: фæрæтæй, дан, нæ марунмæ гъавта. Нæ зонун – куд дин балæдæрун кæнон сæ фудмиутæ.

Зæронд нæуæгæй тухуолæфт никкодта. Уæдта бабæй дзорун райдæдта:

– Æз мæлæтæй нæ тæрсун. Ести, миййаг, минкъий ку нæ рацардтæн. Фал уæддæр мæлун ке фæндуй. Уæлдайдæр ба æгади мардæй. Мæн нæ фæндадтæй еске къохæй фудконд мæлæт иссерун... Æнæмæнгæ мæн гъæуама фехстайуонцæ. Фал сæмæ еу афони сæ хестæртæй еу фæззиндтæй. Æвæдзи, лæгъузтæ кæми уа, уоми хуарзæн дæр æнæ уæн нæййес. Фæййергъæв мæ кодта. Фал мин мæ мулкæй нецибал равардтонцæ.

Уалинмæ нæхе æфсæддонтæ нæуæгæй æрбампурстонцæ. Ратардтонцæ знаги. Фæййервазтан лæгъуз адæми-тухгæнгути миутæй…

Зæронд лæг æ къох æвæрун нæ зонуй. Гæгъæдибæл ци ниффинстан, уонæбæл æ бæсти æ къох æрæвардта Таухъазахти Владимир. Уотемæй æй исфедар кодта гъæусовети сæрдар Хуасдзаути Амурхан.

*1943 анзи 2 апърел. Чикола.*

## СÆ КЪОХ КÆМÆ ИСТОНЦÆ ФАШИСТТÆ

Чиколай махæн радзурдтонцæ уæхæн хабар.

Цорити Хадзисмели фурт Хасан – Сурх Æфсади командир, бæгъатæрæй фæммард æй Хонсари фронти 1941 анзи 29 декабри. Æ хæдзари бийнонтæ: æ уосæ Кианауат – 32-анздзуд, æ биццеу Марклен – 5-анздзуд æма æ кизгæ Зинæ – 3-анздзуд байзадæнцæ сæхемæ Чиколай.

Оккупаций рæстæги син, сæ мулкбæл фæххæлæф кодтонцæ фашисттæ, сæ фонс, сæ хуссæнтæ син байстонцæ, стъолтæ, тумбочкитæ басугътонцæ, сæхе син сæ хæдзарæй расурдтонцæ. Кианауат æ сувæллæнтти хæццæ фæллигъдæй кæсгон гъæу Озрекмæ æ хæстæгутæмæ. Фал уоми дæр сæ фудмиутæ кодтонцæ немуцæгтæ. Етæ базудтонцæ, Кианауатæн æ сæри хецау ке адтæй æновуд коммунист, иссирдтонцæ имæ æ лейтенант æнсувæр Мазири киунугæ, Сталини хузистити хæццæ. Æма 'й уæд бустæгидæр гъигæ дарун райдæдтонцæ.

Еууæхæни фашисттæ Кианауати агурдтонцæ, фал е æхе римахста. Немуцаг афицермæ æ минкъий кизгæ бауадæй. Е уотæ æнгъалдта, æма алкедæр папæ хонун æнгъезуй, æфсæддон дарæси кæддæр фæуууидта æ фиди. Гъе æма немуцаг афицермæ игъæлдзæгæй бауадæй:

– Папæ! Папæ! – зæгъгæ, имæ гъæр кодта. Сувæллон æнгъæл адтæй, е ибæл бацийнæ кæндзæнæй, барæвдаудзæнæй æй. Фал кæми! Тогмондаг фашист æнауæрдонæй нитътъæппитæ кодта сабийи цæсгон, никки ма имæ дамбаца дæр фелваста.

Сувæллон никкудтæй, æ цæсгонбæл райзадæнцæ знаги æнгулдзити фæдтæ… Еци цæфæй бахъæрæу æй кизгæ. Уой фæсте – папæ, зæгъгæ, некæдбал некæмæ исдзурдта минкъий сабий.

## ОККУПАНТТИ ГЪÆДДАГ МИУТÆ ТОЛДЗГУНИ

1942 анзи 31 декабри немуцаг оккупанттæ Толдзгуни фехстонцæ авд лæги. Фашисттæ лæдæрдтæнцæ, еци бæнтти сæбæл тæссаг рæстæг ке æркодта, уой. Сурх Æфсади æфсæдтæ нифсгундæрæй размæ æмпурсун райдæдтонцæ. Знæгтæ лæдæрдтæнцæ, аци гъæуи син берæ фæстеуатгæнæн ке нæбал адтæй, уой. Еу хатт сæ маст искалдтонцæ колхозонтæбæл.

Минкъий гъæу æй Толдзгун. Æдеугур сæдæ хæдзаремæ хæстæг. Фал гъæздуг æма бæркадгин. Сæ мулкбæл син фæххæлæф кодтонцæ балберæгътæ. Гириз кодтонцæ зæрæндтæбæл, сувæллæнттæбæл, силгоймæгти надтонцæ. Фал сæмæ е фагæ нæ кастæй. Етæ бæлдтæнцæ адæми фулдæр тог никкалунмæ, колхозонти зæрдити арф гъæдгинтæ æма устур тас ниууадзунмæ. Æма мæнæ 31 декабри Сурх Æфсади æхсаргин æмпурст райдайунмæ еу сахаттæй фулдæр нæбал гъудæй, уотæ æрахæстонцæ гъæуи цæргутæй аст адæймаги. Уонæбæл, æвæдзи, уæлдай фулдæр гурусхæ кодтонцæ, партизанти агъазгæнгутæ 'нцæ, зæгъгæ. Нæуæг анзи (1943 анзи 1 январи) фашисттæ сæ берæ фудмиутæй еу исæнхæст кодтонцæ. Аст уацайрагей фæттардтонцæ фæсгъæумæ. Еу къагъди билæбæл автоматтæй фехстонцæ авд лæги. Уони хæццæ адтæнцæ Толдзгуни хуæздæртæ: Хæмицати Орæзмæги фурттæ – дууæ æнсувæри Сандир æма Данел, Сандирæн æ 15-анздзуд хъæболæ План, Хортити Тубу, Габети Хазби, уæдта дууæ сурхæфсæддони – уацари сæмæ ка адтæй, уæхæнттæ…

Мах фæуууидтан, советон адæми хъазар хъæболти оккупанттæ æверхъауæй кæми рамардтонцæ, еци къагъд. Ристзæрдæй æ рази нæ ходтæ исистан.

*1943 анзи 21 апърел.*
*Сурх-Дигорæ.*

## ЦÆМÆН МАРДТОНЦÆ ЗÆРОНД ЛÆГТИ?..

Мæ рази лæууй сувæллон кизгæ. Æ дзурдтæ æ хъури бадунцæ, цæститæ дони зелунцæ. Уотæ зиннуй, цума сæ гъæуи цитæ æрцудæй, уой дзæбæх нæ лæдæруй, цума 'й цидæр базонун фæндуй.

– Æз Бичегкути кизгæ дæн, – зæгъуй е, – мæ фиди фидæ Фацбайбæл сæдæ анземæй минкъийдæр нæ цæуй. Е раги бахъæрæу æй. Æ хуссæнæй рагæйдæр уæлæмæ нæбал истуй. Æма ибæл кæд уотæ берæ æнзтæ цудæй, уæддæр устур зæрди хецау адтæй, сæрустур адтæй, оккупаций рæстæги гъæуæй æхе раласун нæ бауагъта. Бийнонтæ рандæнцæ гъæдæмæ. Е байзадæй хæдзари.

Кизгæ фæгъгъос æй. Цидæр маст ин рахгæдта æ цъух, циуавæрдæр æнахур тухст цæстингасæй кæсуй махмæ, цума ни ести агъаз агоруй, цума нæмæ ести дзуапмæ æнгъæлмæ кæсуй.

– Цæмæн?.. Цæмæн марунцæ уæхæн æнæхъаурæ зæрæндти етæ? – фæрсуй кизгæ. – Е æнцад хустæй æхецæн. Неке нецæмæй хъор кодта, неке нецæмæй ихæсгин кодта. Нæ синхаг хæстæгутæй имæ кадæр зилдæй. Нецæмæй гъигæ дардта немуци, уæд æй цæмæн фехстонцæ, уæд, цæмæн? Зæгъайтæ мин… Æз æй нæ лæдæрун!

Æз нæ зонун, ци дзуапп ин радтон, уой.

Игъосун имæ идарддæр.

– Немуци ку ратардтонцæ ардигæй æма нæхемæ ку æрцудан, уæд нæ бабай мардæй фæуууидтан. Уой немуц фехстонцæ. Æ тогæрхæнтæй лæудтæй æ хуссæни рази. Æ бауæрбæл адтæй аст нæмуги цæфи. Æвæдзи, ку æй фехстонцæ, уæд æрхаудтæй хуссæнæй пъолмæ…

Гъе уæхæн адтæнцæ еци фашисттæ… Уотæ нин дзурдта 13-анздзуд Клеткæ – Бичегкути Мухари кизгæ, æ зæронд баба Фацбайи туххæй еци уæззау бæнтти…

*1943 анзи, 22 апърел.*
*Сурх-Дигорæ.*

## УОТÆ СИН ГЪУДÆЙ

Сурх-Дигорæмæ хæстæг надбæл лæуунцæ немуцаг рæуæг хуæдтолгити сугъдтитæ. Цума кутемæй æма ци хузи пурхæгонд æрцудæнцæ? – исбæлвурд кæнæн хабар.

Сурх-Дигорæ оккупацигонд ку 'рцудæй, уомæй дууæ-æртæ бони фæстæдæр немуцаг афицертæ ахид цæун райдæдтонцæ рæуæг хуæдтолгити Чиколамæ. Æвæдзи сæ уоми устур гъуддæгутæ адтæй.

Æма еу æхсæвæ Сурх Æфсади æсгаргутæ еци надбæл минкъий хеди буни байвардтонцæ минитæ. Етæ зудтонцæ, хедбæл немуцаг рæуæг машинæй раздæр ке неке бацæуудзæнæй, уой. Уомæн æма бунæттон адæмæн уæхæн цæуæнтæ нæ адтæй надбæл еци рæстæг. Æма æцæгæй – сæумæй рагигомау немуц Чиколайæй тагъд-тагъдæй уадæнцæ Сурх-Дигорæмæ. Минæ сæбæл фехалдæй. Автомобили ка бадтæй, етæ сæ еугур дæр фесавдæнцæ. Машинæй ма, мæнæ куд уинетæ, уотемæй айдагъдæр байзадæнцæ æ рами цъæлтæ, – загъта нин Гетъоти Андрей. Еци цауи æцæгдзийнадæ бæлвурдæй зудта Гæуисти Мæрзабеги фурт Брихин дæр. Уой фæсте, дан, немуцаг оккупанттæ бустæгидæр исæрра 'нцæ. Адæми никки хъæбæрдæр æфхуæрун æма æхсун райдæдтонцæ.

*1943 анзи, 22 апрель.*
*Сурх-Дигорæ.*

## ЗÆРОНД УОСИ РАДЗУРД

Немуци æрбацуди агъоммæ мах нæ цардæй сæрустур адтæн, нæхе амондгунбæл нимадтан. Нæ зæронд куста колхози гъæуайгæсæй, искодта берæ фæллойнибæнттæ. Æз дæр æма кизгæ дæр архайдтан. Агъаз нин кодтонцæ биццеутæ дæр. Фал нæбæл знæгти æрбацуди хæццæ фудбонтæ æркодта. Байстонцæ нин нæ амондгун цард. Нæ хæдзарæ нин фехалдтонцæ, нæ мулк нин байстонцæ. Мæ лæги мин фехстонцæ.

Еу бон махонтæ фашисттæн сæ уод исласунмæ гъавтонцæ, немуц дæр мадта куд нæ тухтайуонцæ. Еу дзурдæй, тугъд æ карзи бацудæй дуути 'хсæн. Зæронд æхе бафæсвæд кæнунмæ гъавта акъоппи. Немуцæгтæ ибæл фæггурусхæ 'нцæ: уотæ бангъалдтонцæ æма сæ е æхсгæ кæнуй. Æма 'й багæрах кодтонцæ. Еу нæмуг æ тæккæ реубæл исуадæй.

– Нæ! Нæ! Махæй некæд феронх уодзæнæнцæ еци знæгти цъумур æма тогмондаг миутæ! Никки ма ни некæд феронх уодзæнæй, анзи фæстаг мæйи уони куд æхсаргинæй пурхæ кæнун райдæдта нæ Сурх Æфсад. Аст боней дæргъи цудæй карз тох дуути 'хсæн нæ гъæуи размæ. Еци рæстæг мах – зæрæндтæ, сувæллæнттæ æма сæйгитæ уæрмити римахстан нæхе, гъезæмарæй мардан – стонг æма æдонугæй, – мæстгунæй дзоруй зæронд уосæ.

– Æз нур зæронд дæн, – зæгъуй е æ дзубандий кæрони. – Цæуй мæбæл 70 анзи. Цæмæ ма бæллон царди? Фал мæ уæддæр цæрун фæндуй, фæндуй мæ нæ адæми уæлахез, мæ биццеутæ Ахурбег æма Мухарбеги фæуууинун. Етæ, знагæй сæ маст райсгæй, куд иссæуудзæнæнцæ сæрустурæй нæхемæ. Гъе уæдта мæлун дæр неци кæнуй…

Махмæ гъарунцæ æгæрон хъаурæгин Биасти зæронд уосæ Гизай цийнæ æма гъигæй идзаг арф дзурдтæ. Æ хæццæ арази ан æнæ ести уæлдай дзубандийæй…

**ПРЕСТУПЛЕНИЯ НАЦИСТОВ И ИХ ПРИСПЕШНИКОВ – ГЕНОЦИД В ОТНОШЕНИИ НАРОДОВ СОВЕТСКОГО СОЮЗА – НЕ ИМЕЕТ СРОКА ДАВНОСТИ**



# «СТРАДАЛИ ВСЕ...»

## Почему важен День памяти жертв геноцида советского народа

***Новая памятная дата, 19 апреля, была учреждена в конце прошлого года, когда Владимир Путин подписал изменения, внесенные в закон «О днях воинской славы и памятных датах России». Именно 19 апреля 1943 года Верховный Совет СССР издал указ «О мерах наказания для немецко-фашистских злодеев, виновных в убийствах и истязаниях советского гражданского населения». Сейчас 19 апреля официально признано Днем памяти жертв геноцида советского народа.***

***13 апреля состоялась пресс-конференция «Геноцид советского народа: историческое просвещение и международное признание», посвященная новой памятной дате, которую мы отметим впервые. И надо сказать, что в ходе пресс-конференции было дано исчерпывающее объяснение не только появлению в нашем календаре еще одного дня памяти, но и вскрыт истинный смысл практически каждого слова в его названии.***

### ПОЧЕМУ ГЕНОЦИД?



**Отвечает Егор ЯКОВЛЕВ, руководитель научно-просветительского проекта «Цифровая история», руководитель Комиссии Научного Совета РВИО по изучению геноцидов и военных преступлений:**

– Мне представляется чрезвычайно важным объяснить, почему мы квалифицируем результаты нацистской оккупационной политики именно как геноцид, а не как другой тип преступлений, например, не как преступления против человечности. Геноцид – это, согласно конвенции ООН, действия, совершаемые с намерением уничтожить этническую, национальную, расовую или религиозную группу как таковую, полностью или частично. Осуществляется геноцид в пяти разных формах. Это и прямые убийства, и нанесение тяжких телесных повреждений, и создание условий для вымирания группы, и прерывание воспроизводства группы, и, наконец, похищение детей из одной группы с целью их передачи в другую.

Уникальность того геноцида, который осуществлялся на оккупированных территориях Советского Союза, заключается том, что здесь применялись все пять форм. Это довольно редкое для мировой истории явление, но нацисты успели применить все пять форм в самом чудовищном их изводе. Базовым планом для сокращения населения оккупированных территорий СССР был план голода, или план Герберта Бакке, статс-секретаря Министерства сельского хозяйства и продовольствия нацистской Германии. Именно ему Гитлер поручил составление экономического плана войны, который, по сути, дополнял широко известный план «Барбаросса».

Война против СССР со стороны Германии не была войной с целью, скажем, сменить правительство. Речь не шла о каком-то норвежском или словацком варианте. Речь шла о завоевании жизненного пространства, на котором, в конечном итоге, должно было остаться лишь «арийское» население. А коренное население должно было куда-то деться. На Нюрнбергском процессе в качестве одного из главных свидетелей обвинения выступил Эрих фон дем Бах, бывший обергруппенфюрер СС. Он показал, что на последнее предвоенное совещание эсэсовцев, которое проходило 12-15 мая 1941 года в замке Вевельсбург, шеф СС Генрих Гиммлер приехал после пространного разговора с Гербертом Бакке. И в своей программной речи он заявил, что цель похода на Россию – сокращение числа славян на 30 миллионов человек.

Страшный голод 1941-1942 годов – как раз результат этой политики. После провала блицкрига немцы были вынуждены несколько отойти от этой политики, поскольку были заинтересованы в рабочей силе, в рабах, которых они вывозили в Европу. Но цель сокращения славянских народов сохранялась. Здесь и применялся относительно малоизвестный прием геноцида. Многие женщины-остарбайтеры, которые вывозились с территории СССР, были беременны. И против них велась политика принудительных абортов. Обращаю ваше внимание – один из Малых Нюрнбергских процессов, где уже не было советской стороны обвинения, а была лишь американская, в своем приговоре констатировал, что эта политика велась «с целью предотвращения воспроизводства славянских народов». То есть выходит, что даже американское правосудие признало факт геноцида...

### ПОЧЕМУ СОВЕТСКОГО НАРОДА?



**Отвечает официальный представитель МИД России Мария ЗАХАРОВА:**

– СССР потерял в Великой Отечественной войне 27 миллионов человек, из них 18 миллионов – мирное население. Мы об этом помнили и будем помнить всегда. Напомню, что эти жертвы – результат не просто боевых действий. У всего этого была идеологическая подоплека – стратегия освобождения жизненного пространства на востоке, которую декларировали и осуществляли нацисты и которая поддерживалась деньгами западных демократий.

Еще раз – гитлеровская Германия жизненное пространство «освобождала» не на западе, не на севере, не на юге. А именно на востоке Европы. Жертвами этой политики стали миллионы русских, украинцев, белорусов, евреев – людей разных национальностей. Именно поэтому мы и говорим о геноциде советского народа. И всякий раз подчеркиваем, что мы не выделяем никакие категории. Мы свято чтили, чтим и будем чтить память жертв всех национальностей. Выделение только одной категории жертв просто недопустимо, равно как и вымарывание другой категории. Это какой-то странный и болезненный подход.

Чем это оборачивается сегодня, мы видим на примере страшной и показательной истории, связанной с так называемыми компенсационными выплатами, которые правительство ФРГ направляет жителям блокадного Ленинграда одной-единственной национальности. Как такое может быть? В блокадном Ленинграде в пределах не то что одной коммунальной квартиры – в пределах одной семьи – были люди разных национальностей! И вот теперь кто-то компенсации получает... А с остальными-то что? Более циничного подхода в XXI веке придумать сложно. Мы добиваемся равного отношения к жертвам Третьего рейха. В этом для нас среди всего прочего и состоит философия нового дня памяти. Без сегрегации. Без разделения на национальности. Страдали все. Страдали жутко и страшно. Почему спустя 80 лет кому-то должны отказывать в памяти лишь потому, что кто-то в Европе так решил? Нет! Мы будем защищать историческую память.

И, разумеется, Мария Владимировна уделила особое внимание главному вопросу:

### ПОЧЕМУ НЕОБХОДИМО УЧРЕЖДЕНИЕ НОВОЙ ПАМЯТНОЙ ДАТЫ?

– У нас есть День Великой Победы – 9 мая. У нас есть День памяти и скорби – 22 июня. Решение об учреждении Дня памяти жертв геноцида советского народа, которое было принято на законодательном уровне, было продиктовано не внутренним кризисом нашего общества. Нет – это было вызвано сложившейся международной ситуацией. Агрессивно настроенное мировое меньшинство добралось до исторической памяти как раз в тот момент, когда поколение ветеранов, принимавших участие в борьбе против нацистской Германии, фашистской Италии и милитаристской Японии, уже не могло выступить от своего имени. То есть, когда это поколение уже начало ослабевать и даже уходить – просто в силу возраста. Поведение этого агрессивного меньшинства, основанное на размывании, «раскачивании», исторической памяти, сделало необходимым учреждение еще одной даты – Дня памяти жертв геноцида советского народа, совершенного нацистами и их пособниками.

Почему важно говорить об этом сейчас? Вроде бы все факты есть, они известны и изучены. Но в том-то и дело, что Запад хочет не просто переписать, а переформатировать историю этой трагедии, за развязывание которой несет прямую идеологическую и политическую ответственность. На СССР усилиями Европарламента возложена «равная с Третьим рейхом ответственность за начало войны». О чем это говорит? О том, что жертвы, понесенные нашей страной, в Европе не просто обесцениваются. Вину за потери нашего народа там пытаются возложить на нашу же страну.

Вице-президент Еврокомиссии Кая Каллас, продвигает, как она говорит, «нарратив» о «нападении России в XX веке на девятнадцать государств». Она, правда, не говорит – на какие, но все понятно и так. Речь идет о раскачивании сознания людей. О намеренной подмене понятий. Теперь они договорились до того, что Россия, оказывается, совершала такие нападения не только в Европе, но и в Африке. Я понимаю, что это звучит безумно, и что нам смешно. Но граждане других стран, которые не знают истории, начинают этому слепо верить.

***Константин КУДРЯШОВ***
***«АиФ». 13.04.2026***



***Фридрих НИЦШЕ (1844-1900), немуцаг философ: «Адæмæй мин еугуремæй дæр æнæуинондæр æнцæ, æнæстуф къахдзæфтæ ка кæнуй, æрдæглæг, римæхстзæрдæ, æнæнифс, уæзбун, сумсумгæнагæ ка 'й, етæ – раст уæззаугай ка лæсуй, уæхæн æврæгъти æнгæс æнцæ...»!***




Кизгæ сосæггай кудтæй, æ цæстисугтæ ба гæр-гæрæй калдæнцæ урундухъмæ, Хуцауи æлгъист æнсувæр ба 'й кæми еуæрдæмæ нихъхъури кæнидæ, кæми ба иннердæмæ.

– Ледзæн, Хасан, ледзæн ардигæй, зæгъгæ, кæугæ-кæугæ кизгæн ма æ арми бафтудæй исдзорун, æхуæдæгка, æ зæрдæ багъар уогæй, Бурхани реубæл æрхаудтæй, марди хузæнæй...

– Мæ зæрди фæндон мин базудтай, Доссанæ, æнæ мæн зæгъгæй дæр. Ледзæн Ирæфи æндаг фарсмæ, æндæр амал нæбал ес!.. Дони билæбæл нæ хезуй бæлæгъ, донуордæг ба мæ хуæздæр хъумайæгтæй къуар лæги хезуй æз æма дæу...

Доссанæ марди хузæнæй лæудтæй Бурхани гъæбеси æма ин æ дзубандитæй дæр нецибал фегъуста æма нецибал балæдæрдтæй. Хуцауи æлгъист æнсувæр æ хуæри æ гъæбеси фæккодта æма, судæймард куй æстæг куд раскъæфа, уотæ 'й раскъафта Ирæфи 'рдæмæ.

Ирæфи билæбæл Бурхани рагæй хизта бæлæгъи хурфи зæронд Абдули фурт – Сафар. Бурхан Доссани хæццæ бæлæгъи хурфæ ку иссирдта, уæд Сафар æстаунмæ февналдта æма Ирæфи тæх дони фатау æ комкоммæ бафаста. Сæ дзурд ци бæласи бунмæ адтæй, уордæмæ ма 'й минкъий гъудæй Бурхан æма Доссани, уотæ аллирдигæй къуар лæги рагæпп кодтонцæ æма Доссани рæсугъди арæхстгай бæхбæл исæвардтонцæ. Сæхуæдтæ ба сæ бæхтæбæл сæхе багæлдзгæй, дунд-далагъан фæцæнцæ унгæг талингæ коми...

Бурхан æ цæститæ тоги разилдта, æ фурмæстæй æ медбунати кинау низзилдæй, уæдта æрбадтæй æма бæхгинти фæсте кæсгæ байзадæй...

Дууæ фазон хурдзини сугъзæрийнæ гъолтæй идзагæй Бурхан æ цæстити кæронæй дæр нæбал фæууидта: кæсгæнттæ сæ сæ хæццæ раскъафтонцæ...

– Бахæдзаруат дæн... Батухæ мин кодтонцæ... Мæ хуæрæй дæр æма сугъзæрийнæ гъолтæй дæр ба айдагъ дæн,– уотæ æхе меднимæр дзурдта Бурхан. Цæф арси хузæн æ гъæрзун цудæй сабур æхсæви идæрдтæмæ...

Еци æхсæвæй фæстæмæ Бурхани зæрдæ дори хузæн нихъхъæбæр æй; хатир æма тæрегъæд ци 'й, уомæн Бурхани зæрдæ нецибал зудта, æ тог уорамун райдæдта æ хурфи, æ зæрдæ тог æма лæгъуздзийнæдтæ агорун райдæдта. Бурхан æнгъалдта, æма æ зæрди æрхæнтæ, æ устур тæрегъæдтæ исдзæбæх уодзæнæнцæ еске тогæй.

Фал тог тогæй не 'хснадæуй...

**-5-**

Бурхан æ мæгур къæсмæ уордигæй нæбал иссудæй. Уалдзигон изæри нæбал игъустæй Бурхани къæсæй Доссани зарун. Унгæг, тæссаг коми лæг нæбал фæууидтайдæ ефтонг бæлццонбæхгин Бурхани хæдзарæмæ нæхстæргæнгæ. Дууæ фарасткъохон бæхбæттæни ревæдæй лæудтæнцæ æхсæвæй-бонæй Бурхани тургъи, æцæг сæбæл хаттæй-хатт лæг фæууидтайдæ æхсæйвон угтæ æнафони зæрдхъурмæй гъæргæнгæ...

Дигоргоми дæр æма Кæсæги дæр фæккой æй мæнгæ хабар – Доссани, дан, Хасан-Бек раскъафта, зæгъгæ, фал ци рацудæй, ка 'й зонуй, уæдта Хасан-Беки кадæртæ фæууидтонцæ абæрегæй, æма еци хабар мæнгæ ке адтæй, е алкæмæй дæр баруагæс æй.

Рацудæй еу мæйи бæрцæ.

Бурхан гъезæмарæ кодта, æхецæн бæрæг бунат нæ ергæй. Æхсæвæй-бонæй хауллий рахауæ-бахауæ кодта сау лæгætти æма хонхи фæсхъити, æхуæдæг ба, лæг ниуудзæ, фал, æнгъæлдæн, цъеу ратæхун дæр æ рæзти нæ уагъта. Бæлццон лæг рацудайдæ коми, силгоймаг рацудайдæ ескумæ, сабий рауадайдæ гъазунмæ – æгасæй неке раййервазтайдæ Бурхани цæрддзæф сагъадахъи кенæ ба хъæрæймаги фатæй.

Уотемæй æлгъист Бурхан æ маст иста алкæмæй дæр – раст, хæран не 'взаргæй.

Еуæй-еу хатт Бурхан бабæрæг кæнидæ æ мæгур райгурæн къæс; бустæги хъоди ибæл нæ кодта, фал си æхсæвеуат ба некæд кодта, бæрæг ефстагæй æндæр. Уæхæн сахæттæ ибæл искæнидæ, æма æ зæрди бурдæн фæссабурдæр уидæ еуминкъий, ба 'й фæндæуидæ бауолæфун. Æ цъумур миутæ æ зæрди æрæфтуйуиуонцæ, æма уæд æхецæй æфсæрми кæнун райдайидæ... Æ хурфæмæ æригъосгæй, уæд Бурхан ниууадзидæ хонхи лæгæттæ æма къæдзæхбæл байагоридæ æ райгурæн мæгур къæс.

Фал æ арми ба, цит, некæд бафтудæй къæсæри сæрти бампъез кæнун...

## НОМДЗУД АХУРГОНДИ ТУХХÆЙ ИМИСУЙНÆГТÆЙ



**ТОТОЙТИ Феликс (1935-2020), историон наукити кандидат:**

– Кокити Геуæргий дзæбæх ка зудта, уонæй берети хæццæ фембалдтæн, æма си еугурæй дæр дзурдтонцæ, куд зæрдхæлар адтæй æма адæми, уæлдайдæр ба – фæсевæди куд берæ уарзта. Уомæн æ бон нæ адтæй адæймаги æууæнкæй хевастæй пайда кæнун. Геуæрги адтæй курухон, ке хæццæ дзубанди кæнидæ, етæ имæ лæмбунæг æригъосиуонцæ. Евгъуд рæстæги хабæрттæ æма цаутæ алæмæти хуарз зудта. Уонæбæл æ бон адтæй æхе хузи сагъæстæ æма гъудитæ зæгъун…»

**-6-**

Афонæй хуæздæр дæсни неци ес дуйнебæл лæги царди: æвдадзи хуасæ 'й афонæ зæрди рист æма зæрди æрхæнтæн. Ци нæ феронх кæндзæнæй афонæ зиндзийнадæй дæр æма æхцæуæндзийнадæй дæр...

Еухатт кæми адтæй, уоми æнафони фудæхсæви, Ирæфи галеу фæрсти билтæбæл фæцæйцудæнцæ дууæ бæхгини. Еу бæхгин ка 'дтæй, е æ бадтмæ гæсгæ, цума бæхбæл бадун æрæги базудта уотæ, уой туххæй æма саргъи уæле æнцад нæ бадтæй, фал ракæнæ-бакæнæ кодта, уæдта, цит, сæпп-сæпп ку ракæнидæ, уæд æхе фæггубур кæнидæ размæ, æ къохтæй ба нифферар уидæ бæхи барцæбæл. Гæрзтæй, бæхæй, кардæй æма топпæй æ раз неке райстайдæ: æ кæсгон сау нимæтбæл сугъзæрийнæбид зилдагæй бæзгин æвæрд, æ хъæрæймаг ба сугъзæрийнæ æма æвзести бунæй зингæ дæр нæ кодта, æ бæхи хузæн ба Дигоргоми гъæуама лæг ергæ дæр не 'скодтайдæ.

Цубур дзурдæй, хумæтæги бæлццон бæхгин ке нæ адтæй, е бæрæг адтæй.

Фал дуккаг бæхгин ба кæд дзаумауæй æма бæхæй уотæ рæвдзæ адтæй, уæддæр бæрæг адтæй, æ сабийæй бæхи рагъæй берæ ке нæ фестæг кодта, е.

Дууæ бæхгини, лимæнтæ ниууадзæ, фал зонгæ дæр ке нæ адтæнцæ, е бæрæг адтæй: æмвæрстæ нæ цудæнцæ, фал кæрæдземæй идæрддзæф, топпи æхсти бæрцæ.

Æхсæвæ уотæ мæйдар адтæй, æма лæг æ развæндаг нæ уидта æгириддæр. Арв ку фертевидæ, уæд бæхгинтæ кæрæдзей рауиниуонцæ...

Идæрддзæф арви нæрун цæун райдæдта.

Саудалингæ мегъæ арв бустæгидæр æрæмбарзтонцæ. Еугай æставд æртæхтæ кæнун райдæдта. Арви нæрун тухгинæй-тухгиндæр æма хæстæгæй-хæстæгдæр кодта. Идардæй райдайидæ нæрун, уæдта, цит, ниггæрах кæнидæ, кæми сау гъæди, кæми бабæй къæдзæхти. Къæдзæх сау фунукæй нинсарæ уидæ коми.

Сахуарун райдæдта.

Арв æма зæнхæ кæрæдзей хуастонцæ. Сирдтæ, мæргътæ сæхе арф бафснайдтонцæ...

Дууæ бæхгини ба уæддæр сæ фæндаг дардтонцæ. Сæ бæхтæбæл финкæй хъоппæгътæ рабадтæй, уæддæр сæхе ба нæ фæсвæд кодтонцæ сахуарунæй.

Раззаг бæхгин æ ампъез фæссабурдæр кодта барæй, цæмæй æй фæстаг бæхгин æрбаййафтайдæ, уотæ. Фæстаг бæхгин æй дзæвгарæ æрбахæстæгутæ кодта, фал уæддæр е 'мварс ба æхе барæй нæ кодта.

– Табуафси, зæгъæ мин раст, хуарз лæг, уæлæ къæдзæхбæл арви æрттивди ци еунæг хæдзарæ фæззиннуй Ирæфи билæбæл е Бурхани хæдзарæ нæй?

Фæстаг бæхгин æ бæхбæл фæстæмæ фæцæйхуæстæй? – А бæлццон силгоймаг æй, – дзоруй æхенимæри. Хуцау ди исарази уæд, дæ хъурихаттæй дæ базудтон, æндæра дин дæ фæсонти мæнæ мæ хъæрæймаг ниххуфун кæнунмæ гъавтон... Ходуйнаг æма аллайаг кодтон еугур дзилли астæу «силгоймаг рамардта», зæгъгæ. Дæлуймонтæ цийнæй рамардайуонцæ уæд. Хуцау уæхæн фудæй багъæуай кæнæд æзнаги дæр. Гæрр, æма кæми адтæй, кæцæй цæуй, ци хабархæссæг уа, цума? Силгоймаг уогæй, уæхæн гъæздуг арæзт кард, топп, бæх кæми иссирдтайдæ? Уотæ æхе меднимæр тæрхæнттæ кодта фæстаг бæхгин.

– Еци хæдзарæ Бурхани нæй, мæ сауæрфуг лимæн, – загъта фæстаг бæхгин, раззаг бæхгини баййафгæй. Æнæ мæнгæттæй адтæй Бурхани, фал нур ба æдзæрæгæй байзадæй. Бурхан æхуæдæг ба хауллий рахауæ-бахауæ кæнуй зæнхи æскъудти æма хонхи лæгæтти. Кæд аци фудæхсæви Хъазбеги æскъуди бадуй, уæддæр ин ка ци базондзæнæй...

– Æма кафæнди ку цæра хæдзари, уæддæр, æз уотæ 'нгъæл дæн, æма цæуæггон лæги размæ ауæхæн фудæхсæви æ хæдзари дуар неке рахгæндзæнæй, зæгъгæ.

– Уобæл дзубанди дæр нæййес: бæлццон лæгæн дæр æма бæлццон сауæрфуг силгоймагæн дæр фусун алкедæр ке зæгъдзæнæй – е бæлвурд æй, – æхуæдæг ба æ цæстæ æхемæ æркъуæрдта. – Нæ хуæнхбæсти ци æгъдæуттæ хæтунцæ адæми астæу, Дигори дæр еци æгъдæуттæ хъæбæр цитгин æнцæ. Нур ба бал хуарз байрайæ, саурæсугъд, мæн тагъд цæун гъæуй, – зæгъгæ, загъта бæхгин æма, æ бæх ниццæлхъитæ кæнгæй, кизгæбæл фæййеуварс кодта. Кизгæ бæхгини фæсте кæсгæ байзадæй æма ма 'й еунæг уинд ракодта еу фæззелæни риндзæбæл арви ферттивди...

**-7-**

Бæхгин Бурхани хæдзари размæ æваст равзурдæй. Бæхбæттæни къохбæл æ бæх бафтудта, æ нимæтæй æ бæх бамбарзта, уотемæй хæдзари дуар байгон кодта.

– Ка дæ, циуавæр дæ? – фæрсуй Бурхан цæуæггони, æхуæдæг ба дæргъæмæ æ ахур куд адтæй, уотемæй цъумур буйнаги гæппæлбæл æхе рауагъта.

– Хеуон дæн, Бурхан, ма тæрсæ, – дзоруй иуазæг, æз Гули дæн.

– Æма кæцæй фæдтæ æнафони? Кæми адтæ нуриуæнгæ? Куд некæцæйбал зиннис?

– Кæцæй фæдтæн? Кæцæй фæууниау дæн? Æхсæргинæй, æндæр кæцæй… Фал гъуддаг уобæл нæй, мæ хæлар...

– Мадта цæбæл æй?

– Мадта уобæл æй, æма лæгъузи дæргъæмæй ма лæууæ зæнхи, фал уæлæмæ исистæ æма дæхе барæвдзæ кæнæ: нуртæккæ дæмæ силгоймаг иуазæг фæззиндзæнæй, æма 'й естæмæй баиуазæг гъæуй...

– Силгоймаг иуазæг, зæгъис? – æваст топпи фатау фестъæлфгæй, æхсицгон фарст ракодта Бурхан Гулийи.

– Гъо, гъо, æма ди кордзæнæй фусун æма кæрдзини къæбæр...

*(Кæрон.*
*Райдайæн 13-аг номери.)*

**Мадæ – Зæнхи Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 22 апърели. Цæмæннæ æнгъезуй уой фæдбæл æрдзи хуарзæн мадзæлттæ исаразун?**

***Антон ЧЕХОВ (1860-1904), финсæг: «Адæймаг цалинмæ æ Хуцауи нæ иссера, уæдмæ æ надæй дзæгъæлтæ кæндзæнæй, нисан агордзæнæй, æ гъуддæгутæй арази некæд уодзæнæй. Сувæллæнтти кенæ адæми сæрбæлтау цæрæн нæййес. Кæд дин Хуцау нæййес, уæд ба цæй оххайбæл цæргæ 'й, уæд рамæлун гъæуй...»***

ДИГОРÆ №14. 2026 анз.
18 апърел — хумидайæни мæйæ


– Фунтæ дзорис æви де 'цæгæй дзорис? Ци? Куд? Æнафони... силгоймаг... еунæгæй...

Æма цæмæй, кенæ бæ кæмæй фæттарстæ? Сирдæй ин тас нæй, уой туххæй, æма гæрзти хæццæ 'й; лæгæй ба – ци лæг æ къох исæргъувдзæнæй силгоймагмæ? Хъæбæрдæр ба фæндаггонмæ? Кенæ ба, Бурхан, уой нæ зонис, æма фæндаггон силгоймагæн ка батухæ кæна, ка 'й рамара, уомæн мæрдтæмæ над ке нæййес, уой? Фæндаггон-силгоймаг ци лæг рамара, уой дæлуймонтæ, сирдтæ æма адæм листæг пæскъутæ фæккæнунцæ... Фал æз дæр минкъийтæбæл устур бæлахи æфтудтæн: лæги рæуаги 'й марунвæндæ кодтон. Æма сайтан дæр, æнгъæлдæн, нæ ниллæудзæнæй уой гæрзтæмæ æма бæхмæ.

– Æма, зæгъис, æ бæх хуарз бæх æй, Гули?

– Хуцау æма ди зæнхæй, Бурхан, баруагæс уæд, уæртæ мæ саулох уой бæхи фарсмæ мæнæ тикиси бæдолæ куд æй, уомæй дæр мæмæ æвæлгъазæдæр фæккастæй. Уæхæн бæхбæл æнæ фæстæмæ фæккæсгæй раттинæ мæ рахес цæстæ æма мæ галеу къох.

– Уæд гæрзтæй ба куд æй?

– Æвзестæ æма сугъзæрийни бунæй æ кард зæгъæ, æ топп зæгъæ, зингæ дæр нæ кæнунцæ.

Сугъзæрийни бунæй зæгъис?.. Ци æнæзунд дæ, Гули, ци, æз ба дæ минкъий зундгиндæр ку æнгъалдтон, ду ба еугур æнæзунд ку разиндтæ: цъæх кизгæбæл еунæг фат бавгъау кодтай...

– Æнгъæлдæн æма, Бурхан, дæхе кеми нæбал дæ? Ходуйнаг дин нæй, дзæгъæйлаг, уотæ зæгъун? Силгоймаг мин марун кæнис? Уæхæн гъуддаг нæ хуæнхбæсти нури уæнгæ ку некæд æрцудæй. Ходуйнаг æма зайраг кæнун мæхе дзилли астæу. Ду ба мин уотæ зæгъун куд бафæразтай уæд?

– Уæхæн гъуддаг æцæгæй некæд æрцудæй, фал, гиаурти загъдау: «Цадæ ку уа, уæд си сайтæнттæ ба сæхуæдтæ исæвзурдзæнæнцæ». Амал ку уа лæгæн, уæд фæстæмæ нæ фæккæсдзæнæй...

– Банцайæ, Хуцау кæмæн нæййес, кæд ма дæ цæсгони æфсарæ æма лæги тогæй еуминкъий ес, уæд... Æз æма ду кæд абæргутæ ан æма адæмæн фидбилиз, уæддæр дигорæнттæ хуннæн, дзæгъæйлаг, æма дæ уой иронх кæнун нæ гъæуй. Кенæ ба рагæй æносмæ дæр устурдæр тæрегъæдæй неци адтæй – силгоймаг рамарун æма фæндаггон лæги ма байуазæг кæнунæй устурдæр. Еци дууæ тæрегъæди ка бакæна, уомæн мæрдтæмæ над ниууадзæ, фал Елсиратмæ куддæр байампъез кæна, уотæ имæ дæлуймон æ гъунтъуз къах бадардзæнæй, æма, тæрегъæдгун дæлмагурти ахаст бауй... Раст Дзаханамамæ ниххауй... Нæ фидтæлтæ дæр, цит, уотæ зæгъиуонцæ... Цæй, Бурхан, нур уобæл берæ дзорун нæбал гъæуй, фал дæхе


Хузæ ист æй социалон хизæгтæй

барæвдзæ кæнæ: фæндаггон силгоймаги байуазæг кæнун гъæуй, естæмæй æй хуарз фæууинун гъæуй... Æз ба хускъæ согтæ æма цирагъи амал ескæми фæккæнон.

Гули фендæдуар æй.

**-8-**

– Ци æдули дæ, Гули, ци, зæгъгæ, загъта Бурхан æхе меднимæр, Гули согтæмæ ку фæййауyон æй, уæд, – биццеу ма ку дæ, æз ба дæ лæг ку æнгъалдтон. Уой ка нæ зонуй, æма лæги кадæ еуæй-еу сугъзæрийнæй ке балхæнуй... Сугъзæрийнæ! Е дин мæ кадæ, мæ цæсгон, ме 'фсарæ. Хуарз бæх, хуарз гъæздуг гæрзтæ! Æллæх, æллæх мæнæ бабæй мæ зæрдæ куд исирадæй сугъзæрийни коймæ... Мæгургори хузæн бабæй ми мæнæ куд коруй тоги аргъ!

Бурхан æ бунатæй æваст фæггæпп кодта æма рагъæнæй æ хъæрæймаг æрæскъафта... Æ сиудонæй æд дор исиста æма 'й æ топпи къембури куд февардта, уотæ ба иссудæй бæхти къахгъæр дуари размæ, уæдта æхсигъæдæй æртæ хатти кадæр дуар арæхстгай æрбахуаста.

Бурхан æ гъостæ фергъувта æма дзоруй:

– Ка дæ е?

– Хуарз лæг, табуафси, фусун мин фæууо аци фудæхсæви... Уарун мæ еугур дзæлвæ никкодта, ехæнæй дæр багузавæ дæн... Мæ бæх дæр хъæбæр бафæллад æй арви æрттивдæй, уæдта уарунæй хъæбæр истентег æй, – зæгъгæ, æндæдуарæй дзоруй бæлццон.

– Мæ хæдзарæ хъæбæр унгæг æй, æма си бунат нæййес, уæлдайдæр ба дæу хузон хауллийæн...

– Дæ мадæ, дæ фиди хатир бакæнæ æма мин фусун фæууо, фæстæмæ мæ ма 'здахæ.

– Нæй, мæ бон дин неци 'й... Дæ фæндаг дарæ дæхецæн.

– Батæрегъæд кæнæ цæуæггонæн, Хуцау æма дин зæнхæ кæд ес, уæд. Амонд æма дин берекет бахæсдзæнæн дæ хæдзарæмæ...

– Мæ бон нæй, зæгъгæ, нæ лæдæрис дзурд? Æнæ мастæй дæ фæндаг дарæ дæхецæн, – зæгъгæ, загъта Бурхан зустæй.

Бæхгин Бурхани къæсæрæй æ бæх фæстæмæ раздахта, æхуæдæгка йах-йахæй никкудтæй.

Бурхан æ топп æ усхъæй рафтудта æма, дуари цъасæбæл æ гъос ниввæргæй, нийгъуста бæхи къахгъæрмæ æма фæндаггони кæунмæ.

– Æцæгдзийнадæй силгоймаг ке 'й, е бæрæг æй æ кæунæй, уæдта æ хъурихаттæй дæр, – æхе меднимæр загъта æлгъист Бурхан.

– Цæй, дзебæл нæбал гъæуй нур. Афонæ 'й!.. Æма топпи фатау, æваст æндæдуар фæцæй.

Бурхани хæдзарæмæ еуæрдигæй æндæр иссæуæн некæцæй адтæй. Еци еунæг над дæр адтæй унгæг риндзæ – дууæ бæхгини, цит, ку исцурæвæрæ уиуонцæ, уæд аллах-биллæхтæй кæрæдземæн над раттиуонцæ. Надæй ку фæддæлвазæ адтайсæ, уæдта арф æма унгæг коми де 'стæги хъæзалæ дæр дин некебал иссирдтайдæ. Бурхан еци коми берæ адæмти батонаутæ кодта, æхуæдæг ба æ нивæндти робасти мардау, рансонидæ бунмæ æма, цит, уоми нинсарæ уиуонцæ. Берæ цæстисуг, æлгъиститæ æма Бурхани лæгъуздзийнæдтæ басосæг кодта еци ком Доссани уæйи бонæй фæстæмæ.

Бурхан æндæдуар ку фæцæй, уæд Гулий бæхбæл æхе багæлста æма, бæхгини разæй æхе фæккæнгæй, топпи хæццæ æ размæ бабадтæй комæн æ тæккæ унгæгдæр рауæни, риндзæбæл арæнсæни.

Сахуарун нæ сабур кодта, фал ибæл лæг лæдзæгæн ниххуæстайдæ.

Сугъзæрийни хузæн, арви æрттевагæ цæхгæрмитæ æма дæргъæмитæ хæнхитæ кодта сатæгсау арв; уæд, цит, ферттевидæ, уæд идæрдтæмæ дæр фæззинниуонцæ хуæнхтæ, къæдзæхтæ æма Бурхан æ топпи хæццæ риндзæбæл æнсарæни бадтæй. Идарди, цит, Гурдзи 'рдигæй арв ферттевидæ, уой фæсте ба арви гъæр иссæуидæ, куд хæстæгдæр, уотæ тухгиндæргæнгæ, уæдта æ гæрах фæццæуидæ цæстисуг æма лæгъуздзийнадæй æфсæст коми... Арви гæрахи фæсте зилдæгæй, цит, хуæнхтæ нимбохиуонцæ... Фал Бурхани Хуцауи æлгъист ба æстъæлфгæ нæ, фал æ цæстæ дæр не 'рникъулдта.

Æ бæх æ цуппæртæ æ буни расадзидæ, уотемæй еу къахдукъахæй силгоймаг цæуæггон æрхæстæг æй Бурханмæ. Бурхан æ топпи цъух бæхгини реубæл февардта æма фæццудæй топпи гъæр... Бурхани топпи сампали æруагъд æма арви æрттивд фæййеу æнцæ... Ку фæррохс æй топпи æхстæй æма арви æрттивдæй, уæд хуæрæ æма æлгъист æнсувæр кæрæдзей рафæсмардтонцæ.

Фал топп æхст æрцудæй, топпи фатæн ма фæстæмæ раздахæн кæми ес...

– Бурхан!.. Ме 'нсувæр... зæгъгæ, фæгъгъæр кодта кизгæ, æхуæдæг ба зæрбатуги мардау, уæлбæхæй æрзилдæй риндзæмæ.

– Доссанæ!.. Мæ хуæрæ!.. – зæгъгæ, загъта Бурхан, цæф арси хузæн нимбохгæй, фал ма ци амал адтæй: изди фат мæгур кизги зæрдæ нæ бавгъау кодта...

– Хуцау ди ма 'сбоз уæд, мæ ходуйнаггæнæг, ме 'намонд æнсувæр! Ци бакодтай, æлгъист Дзумлет? – зæрдунгæгæй, æ уод есгæй дзурдта Доссанæ.

– Æртæ устур тæрегъæди бакодтай, ме 'лгъист æнамонд æнсувæр: ду мæн рауæйæ кодтай турккагæн сугъзæрийнæбæл, фал син надбæл ралигъдтæн. Хуæздæр бæх нæ ниууагътон бæхæргъауи, хуæздæр æма хъазардæр топп нæ ниууагътон сæ топпитæй, уотемæй ралигъдтæн мæ райгурæн хуæнхтæмæ, нæ мæгур къæсмæ. Æз зудтон мæн фæсте хъæбæр ке гъезæмарæ кодтайсæ уой, æма дин гъавтон дæ зæрдæ барохс кæнун, куд ме 'нсувæр, уотæ... Ду ба мæ æзнаги æздахт ракодтай фудæхсæви дæ хæдзари дуарæй... Силгоймагмæ дæ къох исæргъувтай, æма дæ еунæг хуæри рамардтай...

Нæ Дигоргоми, нæ хуæнхбæсти æностæй нури уæнгæ еци æртæ тæрегъæди некема бакодта дæуæй æндæр, æма ди Хуцау ма 'сбоз уæд... Арв æма дæ зæнхи фудæнхæ фæууæд, ме 'лгъист, æнамонд æнсувæр! Дæ развæндаг содзгæй, хауллий хадт фæккæнæ дæ дуйнебæл. Дæ мард дин зæнхæ æхемæ ма райсæд, ду мæн куд ратардтай дæ хæдзарæй, уотæ. Дæ ном ходуйнаг æма аллайагæй байзайæд адæми 'хсæн дуйнебæл æносмæ. Нур ба дин мæ мæлæти размæ мæ фæстаг салам: арв æма дæ зæнхи фудæнхæ фæууæд, æлгъист силгоймаг марæг. Мæрдти дæр æма уæлæбæл дæр мин мæ тæрегъæд фæффедæ, ме 'лгъист æнсувæр!..

Мæгур кизгæ æ дууæ уорс къохи æ реубæл дзиуарæвæрд никкодта, уотемæй æ уод исиста, æ дууæ сау цæсти ба кæсгæ байзадæнцæ е 'нсувæрмæ цæстисугæй идзагæй.

Лæгмар Бурхан нирдеуагæ кодта, фал æ цæститæй ба еунæг цæстисуг дæр не 'рхаудтæй... Минкъий ма ралæудтæй æ хуæри марди сæргъи, уæдта, цæф арси богъ-богъгæнгæ, мæйдар æхсæви къæдзæхти астæу дунд-далагъан фæцæй.

* * *

Ку æрбон æй, уæдта Доссани мард надбæл иссирдта Гули æма 'й банигæдта.

Æртæ боней фæсте ба иссирдта Бурхани мард дæр: раст Бурхани хæдзарæ кæми адтæй, уоми рантæстæй еци æнамонд æхсæви æнæбун цъай. Еци æнæбун цъаййи хурфи Гули иссирдта Бурхани мард, ниттуппур уогæй.

– Уæдæй фæстæмæ, – зæгъгæ, ратаурæхъ кæнунцæ Дигоргоми, – тæрегъæдгун, æлгъист Бурхани хорауyон хауллий хадт кæнуй Кавкази хуæнхти ходæгæй мæлгæ, æма æскъæруй Дигоргоми Турк æрдæмæ силгоймагæй цагъарæн уæйæ ка 'рцæуй, уони.

Æхсæвæ æнафони фæндаггон лæги размæ дæр хаттæйхатт фæууй Бурхан, гъæлаходæ кæнгæ, æма 'й басайуй фусуни рæуаги æ цъаййи сæргъæмæ.

## АРФИАГ ГЪУДДАГ




Кокити Геуæрги наукон архайдæй уæлдай ма æнтæстгинæй кодта литературон куст дæр: финста радзурдтæ, æмдзæвгитæ, пьеситæ. Кæцидæртæ си æ рæстæги фæззиндтæнцæ мухури фæрæзнити дæр. Цæмæй хецæн æмбурдгондæй рацæуонцæ, уобæл ба зæрдиагæй байархайдта филологон наукити кандидат **Тменати Дзерассæ**, æма 2011 анзи фæззиндтæй уæхæн киунугæ, хуннуй **«Æфсæн мæсуг»**, хаст имæ æрцудæнцæ Кокий-фурти финст уадзимистæ, уони туххæй амонæн æрмæг, уæдта æ цардвæндаги туххæй историон наукити кандидат Тотойти Феликси финст уац.

На Кубе 19 апреля отмечается национальный праздник – в этот день в 1961 году кубинский народ одержал победу над наемниками американского империализма.

☺ *Мы все находимся за чертой бедности – только по разные ее стороны.*

* * *

☺ *Число дураков уменьшается, но качество их растет.*

☺ *Как много мы не сделали!.. А сколько еще предстоит не сделать!..*

* * *

☺ *Чем хуже дорога, тем больше она пускает пыль в глаза.*

**АРФИАГ ГЪУДДÆГУТÆ – ИРÆЗГÆ ФÆЛТÆРТИ РÆСТМÆ ГЪОМБÆЛГÆНÆГ**

# НÆ СÆРТÆЙ ДИН НИЛЛÆГ КОВÆН, ÆФСÆДДОНИ МАДÆ…

Сæ фурттæ адзалхæссæг тугъдтити кæмæн бастъалдæнцæ, еци мадтæлтæ еци зæрдристæй дæр сæ устурдæр сагъæс - цæмæй уæхæн саумарой макебал бавзара. Уони бæлдæ нæ зундгонд поэт Хидирти Ехйа е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ æвдесуй:

*Фагæ 'й! Мæ фурт æ цард нистъалдта,*
*Нур ба тавæд нæ хори гъар.*
*Цæмæй седзæртæ макæдбал уа,*
*Цæмæй хор бон ма 'суа мæйдар…*

Æма мæнæ ци конкурси кой кæнæн, уой нисанеуæг дæр æй: цæмæй исцитгин кæнæн, нæ Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, уонæн сæхе æма сæ мадтæлти рохс нæмттæ, цæмæй тугъд мабал уа æма цард амондгунæй-амондгундæр кæна.

Конкурс бабæй арæзт æрцæуудзæнæй аци анз дæр – 6 майи Хæзнидони. Уоми архайун ке фæндуй, е гъæуама бацæттæ кæна видео-ролик, кæцими гъæуама æвдист цæуа, Устур Фидибæстон тугъди туххæй æмдзæвгæ куд кæсуй, е. Еци æрмæг ба 25 апърели уæнгæ рарветун гъæуй мæнæ ауæхæн электрон адресмæ: ket.poesy@mail.ru. Æма æ хæццæ æнæмæнгæ байамонун гъæуй архайæги муггаг æма ном, æ къарæ, телефон, номинаци, ци уадзимис равзурста, уой автори муггаг æма ном.

Мадзали архайгути арæхстдзийнадæ бæрæггонд цæудзæнæй æртæ номинациеми: хе финст æмдзæвгитæ, аййевадон кæсундзийнадæ æма нæ зундгонд поэт Колити Виталий æмдзæвгитæ хуæздæр бакæсунæй. Æртиккаг номинаци хумæтæги нæ фæззиндтæй аци анз. Кæдæй аци исфæлдистадон мадзал арæзт цæуй, уæдæй си алли анз дæр Колити Витали уидæ жюрий иуонг, хъæбæр æновудæй архайидæ, цæмæй е рацæуа тæккæ хуæздæр хузи, цæмæй æй адæм сæ зæрдитæбæл бадаронцæ, цæмæй æригæнттæ разæнгард кæнонцæ исфæлдистадон архайдмæ. Виталий цардвæндаг, гъулæггагæн, æгæр рацубуртæ 'й, хуæрзæрæги банæхстæр æй е 'носон дуйнемæ. Хъонцгæнгæй ин зæгъæн рохсаг… Æ рохс ном ба нин цитгийнаг ке æй, е ба бæрæг æй аци дессаг мадзали ин æ номерæнæн хецæн номинаци нисангонд ке 'рцудæй, е дæр.



Исфæлдистадон конкурси рæстæг ма арæзт æрцæуудзæнæй æндæр аллихузон мадзæлттæ дæр, зæгъæн, спорти ветеранти 'хсæн футболæй республикон ристæ «Созо».

Зæрдиагæй уæ хонæн аци мадзалмæ, уомæй уæхецæн исараздзинайтæ алæмæти зæрдæхцæуæндзийнадæ.

***ГИБИЗТИ Регинæ***

**ФИДИБÆСТÆН РÆСТЗÆРДÆЙ ЛÆГГАДÆГÆНÆГ ФИДИБÆСТÆН ГЪÆУАМА ЗÆРДТАГОН УА…**




Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

# ИХÆСГИН СИ АН НÆ ХЪАЗАУАТОНТÆЙ

Адæймаг Фидибæсти сæрбæлтау æхемæ ци ихæстæ райса, уони рæстзæрдæй ку исæнхæст кæна, уæд ин гъæуама аккаг равгитæ уа æ ирисхъи идарддæри хабæрттæ хузæнонæй аразунæн. Уомæй си ихæсгин ан.

## ГÆНÆНТÆ ÆМА РАВГИТÆ ÆНХÆСТÆЙ ПАЙДАГОНД ЦÆУЙ

Уой уомæ гæсгæ зæгъæн, æма абони нæ республики уæлдай лæмбунæг æргом æздæхт цæуй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ биййонтæн сæ царди хабæрттæ аразуни син агъаз кæнуни фарстатæмæ. Уой фæдбæл мадзæлттæ æнхæстгонд цæунцæ еудадзуг фæткæбæл – куд сæрмагонд паддзахадон оргæнти, уотæ бунæттон хеунаффæйади 'рдигæй, архайунцæ си æхсæнадон еугæндти специалисттæ дæр.

Нæ республики ахедгæ хузи æнхæстгонд цæуй хуæрзауодæн мадзал «Помогаем СВОим». Уой фæлгæти Дзæуæгигъæуи æма районти гъæууон муниципалитетти æмвæзадæбæл сæ куст кæнунцæ сæрмагонд службити специалистти цæугæ къуæрттæ. Етæ арæзт æрцудæнцæ адæмæн социалон лæггæдти комплексон центрти бундорбæл.

Мобилон къуæртти иуонгтæ амунд центрти фæзуати фембæлунцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгути биййонти хæццæ: исаразунцæ син аллихузон консультацитæ, агъаз син кæнунцæ гъæугæ гæгъæдитæ бацæттæ кæнуни гъуддаги, байамонунцæ син социалон реабилитаци æма æндæр уæхæн паддзахадон зæрдæбæлдарæнти фæткæ… Цæугæ къуæртти минæвæрттæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгути биййонти хæццæ фембæлунцæ сæ хæдзæртти дæр, исбæлвурд син кæнунцæ сæ цардиуаги уавæртæ, сæ тухстаг фарстатæмæ син раздахунцæ профилон ведомствити æргом.

Дзæуæгигъæуи администраций куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй мобилон къуæртти кусти зæрдиагæй архайунцæ муниципалитетти структурон дæлхайади минæвæрттæ дæр.

Фарæ мадзал «Помогаем СВОим»-и фæтки бундорбæл специалистти мобилон къуæрттæ фембалдæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгути дæсгай биййонтей хæццæ. Фæстаг цалдæр анзей дæргъи ба мадзали равгитæ æма гæнæнтæй каст цæудзæнæй амунд къуари 257 биййонтемæ.

«Помогаем СВОим» æма иннæ хуæрзауодæн мадзæлттæ идарддæр дæр æнхæстгонд цæудзæнæнцæ.

## АЛКÆМÆН ДÆР СИ – АККАГ КУСТИ РАВГÆ

Еума ахсгиаг фарста ба е æй, цæмæй сæрмагонд æфсæддон операций ка байархайдта, уонæн уа равгæ аккаг кусти ниллæуунæн. Уой фæдбæл цудæй дзубанди, нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** æма Цæгат Кавкази федералон зилди Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвари хуæдæййевæг **Владимир Надыктой** разамундæй айразмæ Дзæуæгигъæуи ци урух æмбурд арæзт æрцудæй, уоми. Æркастæнцæ си сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæн кусти бунæттæ дæттуни, сæ амалгъонадон хъæппæрестæ син царди уадзуни, уæдта адæми аци къуари минæвæрттæн æндæр агъази фадуæттæ аразуни фарстатæмæ.

Æмбурди райдайæни Дзанайти Барис куд фæббæрæг кодта, уотемæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ биййонтæн берæвæрсуг агъази фарстатæ æнхæст кæнуни фæдбæл республики арæзт æрцудæй сæрмагонд пълан, е 'нхæст кæнунмæ цæуй лæмбунæг цæстдард. Æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Адæми аци къуарæн кусти бунæттæ дæттуни архайд æнхæстгонд цæуй Ахурадæ æма науки, фæллойнæ æма социалон гъæуайкæнуйнади, экономикон ирæзти министрадтæ æма æндæр республикон ведомствити сæрмагонд программити фæлгæти. Уомæй уæлдай, сæрмагонд æфсæддон операций ветеранти кустадон, кенæ амалгъонадон архайдбæл бафтаунæн агъаз æнцæ паддзахадон программитæ æма национ проекттæ дæр. Иннæ ахсгиаг гъуддаг æй, республикæ регионалон программæ «Æхсаргин Иристон» æнхæст кæнунмæ ке бавналдта, е дæр. Уой фæлгæти нуртæккæ профессион ахуради семинарти архайунцæ сæрмагонд æфсæддон операций раздæри дууадæс æма инсæй архайæги. Ахурти фæсте етæ косун райдайдзæнæнцæ административон-муниципалон оргæнтæ æма æхсæнадон еугæндти.

Фарстатæ лух кæнунæн ахедгæ фæрæзнæ 'й социалон ауодундзийнади фæрæзнити туххæй хабæрттæ афойнадæбæл хъæртун кæнун сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ биййонтæмæ.

Уой хæццæ, фæллойнæ æма социалон гъæуайкæнуйнади министради специалисттæ сæ цæстæ дарунцæ, амунд адæми къуари минæвæрттæ æма сæ биййонти иуонгтæ тухстдзийнадæ цæмæй æййафунцæ, уонæмæ дæр. Уæхæн цæстдарди фæрци еугур исæвзургæ фарстатæ дæр афойнадæбæл лухгонд цæунцæ.

Дзанайти Барис æ радзубандий кæронбæттæни куд баханхæ кодта, уотемæй профилон ведомствитæ æма косæндæнтти размæ æвæрд цæуй бæлвурд ихæс – сæрмагонд æфсæддон операций архайгути аллибони берæфадуатгин цардиуагæ æма зæрдæмæдзæугæ кустæн гъæугæ фадуæттæ аразун.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730.** Заказ **№ 779.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 17.04.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 17.04.2026.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.